



Yo te bati Morrisania Air Rights nan ane 1980 andedan seksyon Bronx. Li se kay pou 1,950 rezidan ki nan lojman piblik. Devlopman an gen twa bilding ladan, ki bay lojman pou prèske 840 fanmi ak yon pasèl tè toupre a ki vid (akote lari a) ki sèvi kòm espas yo pou yon konpaktè fatra nan moman an. NYCHA gen entansyon angaje rezidan yo nan **kreyasyon 100 ak 200 nouvo apatman ki 100% pa chè epi ki bay sipò** nan espas teren ki vid la.

Pandan Sid Bronx ak kontinye chanje, Minisipalite Vil la angaje pou kreye lojman pèmanan ki pa chè epi pou bay èd pou moun New York ki pi defavorab. Agrandisman opòtinite pou lojman ki pa chè nan katye Morrisania ap ede reyalize objektif lojman ki pa chè nan [Housing New York](#) Majistra de Blasio: [A Five-Borough, Ten-Year Plan](#) (Yon Plan sou Dizan pou Senk Minisipalite) ak plan estratejik sou 10 zan, [NextGeneration NYCHA](#).

## Premye Etap: Angajman Kominote a

Kreyasyon nouvo lojman ki pa chè epi ki bay sipò nan Morrisania kòmanse avèk edikasyon ak angajman kominote a san rete. Avèk yon seri rankont avèk rezidan yo ak moun ki konsène yo, NYCHA ap bay yon apèsi sou pwogram Lojman 100% ki Pa Chè, ansanm avèk pwosesis angajman planifye rezidan yo. Angajman rezidan yo ap konsantre sou sesyon enfòmasyon sou vizyalizasyon, k ap sèvi kòm yon okazyon pou rezidan yo fòm objektif Vil la nan devlopman kote ki gen yon devlopè. Minisipalite Vil la ap chèche jwenn remak rezidan yo ak moun ki konsène yo sou kalite lojman, tankou aparans posib ak sansasyon bilding nan.



## Pwen Enpòtan sou pwogram Lojman NYCHA ki 100% Pa Chè – Morrisania Air Rights

<u>ENPAK REZIDAN YO</u>	<u>REVNI</u>	<u>POSESYON</u>
<p>→ <b>P ap deplase</b> oswa <b>p ap ogmante pri lwaye</b> rezidan Morrisania yo</p> <p>→ Remak rezidan yo nan sesyon enfòmasyon sou vizyalizasyon ap pale sou <b>anpil kalite sijè</b></p>	<p>→ Inite ki pa chè epi ki bay sipò pa kreye revni ki ase gwo parapò ak inite ki gen tarif mache a (NextGen Neighborhoods oswa 50/50)</p> <p>→ Kantite lajan an ap minimal, idantifye nan moman seleksyon an/akò siyen yo</p>	<p>→ <b>NYCHA ap toujou gen posesyon teren an</b> pou asire lojman yo ap bon mache pou anpil tan</p> <p>→ NYCHA ap kontinye jere ak opere Morrisania; ekip devlopman nou chwazi a ap opere nouvo bilding ki gen lojman bon mache</p>
<u>MWAYEN POU PEYE</u>		<u>DAT LIMIT</u>
<p>→ Nouvo lojman ki pa chè pou fanmi ki pa touche ase revni</p> <p>→ NYCHA ak HPD <b>appouswiv pi gwo mwayen pou peye</b> ki posib la</p>		<p>→ Edikasyon ak angajman rezidan – fen ane 2016 nan 2017</p> <p>→ Chèche jwenn repons devlopè ak seleksyon – anvan fen ane 2017</p> <p>→ Konstwiksyon –kapab kòmanse anvan ane 2019</p> <p>→ Finisman –anvan 2020</p>